



Pou Piblikasyon Imedya: 07/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AP ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON NAN YON  
PWOJÈ REZISTANS POU ANPECHE LÒT DONMAJ INONDASYON NAN  
KONTE JEFFERSON**

***Yo bay Vilaj Clayton 2.4 milyon dola pou modènize izin ranmasaj ak tretman dlo  
ize a, ogmante kapasite ponp la ak pwoteje sante piblik- Foto kòmansman  
konstriksyon an disponib [isit la](#)***

***Sibvansyon Pwojè yo te Akòde nan Kad Inisyativ Rezistans ak Devlopman  
Ekonomik Eta a***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse kòmansman konstriksyon nan yon pwojè 2.4 milyon dola yo te bay Vilaj Clayton, Konte Jefferson pou okipe pwoblèm donmaj ki te rive lè dlo a te monte, epitou pou elimine debòdman nan Rivyè St. Lawrence la epi ede anpeche posibilite danje pou lasante. Yo te bay finansman sa a nan kad Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik (Resiliency and Economic Development) Eta a, oswa REDI. Inondasyon Rivyè St. Lawrence la an 2019 te gen konsekans negatif sou Sistèm Ranmasaj ak Izin Tretman Dlo Ize (Water Collection System and Treatment Plant) Vilaj Clayton nan epitou sou estasyon ponp Riverside Drive ak East Union Street yo, nan kite plizyè pòsyon nan enfrastrikti an anba dlo, sa ki te limite kapasite ponpaj la, epi lakòz pwosesis dezenfeksyon an sispann.

Pami mezi prevansyon yo pou pwojè sa a gen konvèsyon kontak klò ki la deja a an yon estasyon relèvman efliyan entèmedyè ak agrandi bilding pou filtre/dezenfekte a avèk pi gwo filtè ak sistèm pou dezenfekte ak iltravyolè pou trete tout dlo k ap koule nan izin nan. Yo pral agrandi pui ponpaj estasyon Ponp Riverside la epi enstale ponp ki kapab ale anba dlo nan fos sèch la, avèk plis kapasite nan pui sèch la.

"Pwogrè k ap kontinye fèt la nan pwogram REDI an se yon temwayaj sa yo ka reyalize lè gouvènman eta ak lokal yo travay ansanm", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a kolaborasyon sa yo, n ap travay men nan men pou re-imagine al re-desine enfrastrikti lokal la pou lè gen dlo ki monte pi devan, moun New York yo ki rete bò Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence la kapab pare ak jwenn pi bon pwoteksyon. Pwojè Villaj Clayton nan pral fè egzakteman sa gras a ranfòsman sante piblik la ak kreyasyon enfrastrikti dirab pou ede garanti n ap kontinye jwenn dlo pwòp."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Basil Seggos te deklare,** "Sa fè plizyè fwa dlo ki monte a donmaje enfrastrikti dlo ize esansyèl bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence. Anons jodi a make kòmansman konstriksyon nan yon pwojè ki pral alafwa ranje donmaj ki te devaste sistèm ranmasaj dlo ize Vilaj Clayton nan an 2019, ak amelyore rezistans li pou li sipòte inondasyon pi devan. Gras a investisman dirab, pwogram REDI New York la ap rebati kominote pi byen ak yon fason pi solid."

**Joseph Rabito ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Environmental Facilities Corporation (EFC) te deklare,** "Lè nou travay pou elimine debòdman nan Rivyè St. Lawrence la poutèt inondasyon, sa pral ede pwoteje sante vwa navigab la ak kominote ki antoure li yo. Lè li bay minisipalite Eta New York yo finansman bon mache ak sibvansyon pou soutni pwogram REDI an, EFC kapab ede nan pwoteksyon enfrastrikti esansyèl ki kontribye nan rezistans alontèm rivaj nou yo."

**Senatè Eta a, Patty Ritchie, te deklare,** "Nan ane ki fèk pase yo, Vilaj Clayton nan devlope anpil, ap atire nouvo biznis ak vizitè k ap chèche fè kespryans bote Rivyè St. Lawrence la. Pou devlopman sa a kontinye, nou bezwen pou gen enfrastrikti solid, fyab anplas. Sa fè mwen plezi wè kòmansman konstriksyon an nan pwojè sa a, sa ki pral non sèlman ranfòse sistèm dlo ize Vilaj la, men pwoteje sante piblik la ak Rivyè St. Lawrence la tou."

**Manm Asanble Mark Walczyk te deklare,** "Si nou vle pou kominote ki bò dlo yo pare pou fè fas a inondasyon pi devan, investisman estratejik nan enfrastrikti rejyonal la se sèl jan pou anpeche gen plis donmaj. Fòtifikasyon Sistèm Ranmasaj ak Izin Tretman Dlo Ize Vilaj Clayton nan ak estasyon ponp ki antoure li yo pral fè yon gwo diferans nan pwoteksyon sante piblik la ak nan kenbe vwa navigab nou yo pwòp."

**Prezidan Lejislatif Konte Jefferson, Scott Gray, te deklare,** "Gras a pwogram REDI an nou wè kolaborasyon pozitif ant ajans Eta New York yo nan kominote yo ki sou rivaj la nan Konte Jefferson. N ap bati pi byen gras a kolaborasyon sa yo, ap amelyore ak ranplase atou esansyèl yo. Si ta vin gen inondasyon pi devan, kominote yo nan Konte Jefferson ap pi byen pare avèk enfrastrikti pi solid ak pi rezistan."

**Majistra Vilaj Clayton nan Norma Zimmer te deklare,** "Onon Vilaj Clayton mwen ta renmen eksprime apresyasyon nou pou pèsonèl Pwojè REDI an ak NYS dèske yo kòmanse pwogram sa a, sa ki fè li posib pou nou pote amelyorasyon esansyèl sa yo nan Izin Tretman Dlo Ize nou an. Eta a ba nou plizyè chans pou amelyore enfrastrikti nou an ak transfòme Distrik Istòrik nou an, sa k ap kontinye fè Clayton yon destinasyon ak yon bèl kote pou rete ak travay."

Pou reponn ak chema inondasyon pwolonje toutolon rivaj Lake Ontario ak St. Lawrence River yo, REDI te kreye pou ogmante rezilyans kominote bò rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk (5) Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit (8) Konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak

enkyetid konsènan sekirite piblik la. Komisyon REDI a te atribye 20 milyon dola pou bay pwopriyetè kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezilyans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ke chak nan uit (8) konte nan rejyon REDI yo ap benefisye. Yo te atribiye balans 235 milyon dola ki rete a, bay pwojè lokal ak rejyonal ki fè avanse epi montre egzanp misyon REDI a.

Depi kreyasyon pwogram REDI nan sezon Prentan 2019 la, 133 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo kòmanse, sa ki gen ladan 89 pwojè nan faz konsepsyon, 18 pwojè nan faz konstriksyon ak 26 pwojè ki fini.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI, klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)